

Mo enpòtan pou w konnen

Objektif Anyèl IEP (PEE) : Yon seri etap Ekip IEP (PEE) a ap mete sou pye pou dekri ki Konesans elèv la dwe genyen apre yon lane pou elèv la ka apwoche yon lane pi pre objektif apre lekòl segondè l yo.

Ekip IEP (PEE) a : Se yon gwoup moun ki, pandan ane tranzisyon yo, ap diskite FPT an e ki ap ekri IEP (PEE) a ansanm. Elèv la, paran yo, mèt edikasyon espesyal yo ak edikasyon regilye yo, yon reprezantan distri a ak evalyatè yo ap travay ansanm pou ede elèv la jwen objektif apre lekòl segondè l yo. Si sa apwopriye, yo ka enkli nan ekip IEP (PEE) a moun k ap bay travay yo, lòt ajans yo ki gen ladan yo ajans k ap sèvi adilt ki gen andikap yo ak lòt ajans ki gens konesans oswa ekspètiz sou elèv la. [IDEA § 300.321]

Pwogram edikasyon endividalize [IEP (PEE) (IEP)] : Yon akò fomèl sou sèvis yon lekòl ap bay yon elèv ki gen bezwen edikasyon espesyal.

Objektif apre lekòl segondè yo : Vizyon elèv la genyen pou lavi kòm yon adilt. [IDEA § 300.320]

Tranzisyon nan lekòl segondè : Se peryòd ant laj 14 a 22 zan, pou elèv ki gen IEP (PEE), pandan y ap travay ak ekip IEP (PEE) yo a pou kreye ak ekzekite yon plan ki ap ede yo genyen konesans yo pou yo rive jwen vizyon yo genyen pou lavi adilt yo.

Evalyasyon tranzisyon an : Se rekeyi enfòmasyon kontinyèlman sou sa elèv la bezwen, sa l konn fè byen, sa l renmen ak sa l vle fè konsènan travay, edikasyon, jan l ap viv ak patisipasyon l nan kominote a.

Fòm planifikasyon tranzisyon an [FPT (TPF)] : Chak ane apati elèv la gen 14 zan, manb Ekip IEP (PEE) a mete tèt yo ansanm epi y ap ranpli fòm sa leta egzije a konsènan plan tranzisyon elèv la nan lavi adilt. [www.doe.mass.edu/sped/28MR/28m9.pdf]

Sèvis tranzisyon yo : Se yon ansanb aktivite koòdone ki baze sou sa elèv la bezwen, sa l konn fè byen, sa l renmen ak sa l vle fè. Yo konsewa aktivite sa yo pou ede l atenn vizyon pou lavi adilt li. {Lwa Edikasyon pou Moun ki gen Andikap [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA) § 300.43]}.

Resous yo

LINK Center a se yon pwojè tranzisyon Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal yo www.fcsn.org/linkcenter

MA ESE Tranzisyon pou edikasyon espesyal apre lekòl segondè www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition

Konsèy pou asistans teknik SPED 2013-1 : Objektif apre lekòl segondè ak objektif IEP (PEE) anyèl yo nan pwosesis planifikasyon tranzisyon an www.doe.mass.edu/sped/advisories/13_1ta.html



Depatman edikasyon primè ak segondè nan Massachusetts

75 Pleasant Street
Malden, MA 02148

781-338-3000 | www.doe.mass.edu



FEDERASYON POU TIMOUN
KI GEN BEZWEN ESPESYAL

Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal

The Schrafft Center

529 Main Street, Suite 1M3
Boston, MA 02129

800-331-0688 | www.fcsn.org

TIPS: Enfòmasyon sou tranzisyon pou paran ak elèv yo ki gen IEP (PEE) yo

(Laj 14-22 zan)



Pwosesis planifikasyon tranzisyon lekòl segondè a

Yon seri ti liv
LINK Center a - yon pwojè
Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal,
ak depatman edikasyon primè ak segondè
[EPE (ESE)] - prepare

Planifikasyon tranzisyon Massachusetts la - Sa w dwe konnen...

TI KONSÈY 1 : Asire w ou kòmanse planifye bonè

- Sèvis ak planifikasyon tranzisyon an kòmanse a pati laj 14 zan
- Yo envite elèv la pou l fè pati *Ekip IEP (PEE) a* lè l gen 14 zan
- Elèv la bezwen konprann wòl li nan devlopman vizyon l nan
- Planifikasyon lavni yon elèv dwe baze sou sa l bezwen, sa l konn fè byen, sa l renmen ak sa l vle fè [DEA § 300.43]

TI KONSÈY 2 : Tranzisyon an kòmanse ak vizyon elèv la

- *Vizyon = Objektif apre lekòl segondè yo*
- *Objektif apre lekòl segondè yo* se sa elèv la vle fè apre l kite lekòl segondè
- *Objektif apre lekòl segondè yo* dwe dekri aktivite elèv la ka fè nan lavni apre lekòl segondè tankou si l ta vle kontinye al lekòl toujou, ki kalite travay li ta renmen fè ak ki kalite lavi li ta swete genyen
- *Objektif apre lekòl segondè yo* ap kapab chanje ane apre ane apati diferan eksperyans elèv la ap fè ak lot konesans li vin genyen

Planifikasyon
tranzisyon an ka ede
elèv yo aprann sa yo
konn fè byen ak sa yo
renmen fè

TI KONSÈY 3 : Evalyasyon tranzisyon yo nesesè pou planifikasyon

- *Evalyasyon tranzisyon yo* ka reponn kesyon tankou kilès elèv la ye, ki kote l vle ale ak ki sipò l bezwen

- Toulede, evalyasyon fòmèl ak enfòmèl ka ede *Ekip IEP (PEE) a* konnen ki sèvis tranzisyon yo dwe bay elèv la. Yo bay tou enfòmasyon sou kijan sa ap mache pou elèv la

TI KONSÈY 4 : Planifikasyon tranzisyon an se yon pwosesis

- Yo dwe diskite de tranzisyon an nan chak reyinyon *Ekip IEP (PEE) a* lè elèv la gen 14 zan
- Reyinyon an dwe kòmanse ak itilizasyon *Fòm planifikasyon tranzisyon an [FPT (TPF)]* epi pale sou *Objektif apre lekòl segondè yo*
- Manb ekip la dwe pale sou kisa elèv la enterese pou l fè apre l fin lekòl segondè ak ki sipò l ap bezwen pou l rive nan objektif sa a
- Apre yon diskisyon sou *Objektif apre lekòl segondè yo*, ale nan *Fòm IEP (PEE) a* pou devlope *Objektif Anyèl IEP (PEE) yo*
 - *Objektif Anyèl PPE yo* dwe gen rapò ak sou ki Konesans yon elèv dwe travay ane sa a pou l ka atenn *Objektif apre lekòl segondè l yo*
 - Yo dwe mete *Objektif apre lekòl segondè* elèv la nan DE kote : nan *Fòm planifikasyon tranzisyon [FPT (TPF)]* anba vizyon apre lekòl segondè ak tankou deklarasyon vizyon an nan *Pwogram edikasyon endividalize a [IEP (PEE)]*
- Chak ane *Objektif anyèl IEP (PEE) yo* ap chanje epi *Ekip IEP (PEE) a* ap kontinye ede elèv la travay pou l rive jwen *Objektif apre lekòl segondè l yo*

*Ekip IEP (PEE)
a dwe ranpli FPT
anvan, epi ranpli
Fòm IEP (PEE) a*

Konekte objektif anyèl IEP (PEE) yo ak objektif apre lekòl segondè yo :

Danielle (15 zan) gen *Objektif apre lekòl segondè* pou l travay ak animal, rete lakay li epi al travay kòm volontè nan legliz li.

- Ekip la ka ekri *Objektif anyèl IEP (PEE) yo* pou ede l akri Konesans sa yo :
 - Konesans pou pran swen tèt li pou ogmante endepandans li lakay li
 - Konesans sosyal pou asire l genyen entèaksyon pozitif ak bonjan relasyon nan kominote a
 - Konesans nan domèn travay pou sipòte enterè l nan pran swen animal
 - Konesans pou l ka pran transpò piblik

Greg (18 tan) gen *Objektif apre lekòl segondè* pou l al pran yon diplòm nan de ane nan inivèsite kominote nan lokalite l la, travay a tan pasyèl nan yon restoran epi viv pou kont li.

- Ekip la ka ekri *Objektif anyèl IEP (PEE) yo* pou ede l akri Konesans sa yo :
 - Konesans pou l jere pwòp swen lasante l ak finans li
 - Konesans pou l defann tèt li ak nan kominikasyon pou ede l nan inivèsite a
 - Konesans pou l ka reyisi nan travay li



Plis elèv yo patisipe nan planifikasyon pwòp lavni yo, ap gen plis chans po yo gen yon lavni pwometè